

# Fèy Enfòmasyon




## Konsantre:

Endependans pou avèg ak pwoblèm vizyèl

## Akreditasyon:

Association for Education and Rehabilitation of the Blind and Visually Impaired



## Gwo Patwone:

The Florida Department of Education, Division of Blind Services, the State of Florida and United Way of Broward County

## Lighthouse of Broward

650 N. Andrews Ave.  
Fort Lauderdale, FL 33311  
Tel: (954) 463-4217  
Fax: (954) 764-3825  
[Vision@lhob.org](mailto:Vision@lhob.org)  
[www.LHOB.org](http://www.LHOB.org)



Lighthouse of Broward, ki te fonde an 1973, se sèl asosyasyon prive 501(c)(3) ki pa travay pou fè pwofi nan Konte Broward ki bay sèvis edikasyonèl ak reyabilitasyon konplè ak konsèy pou timoun ak granmoun avèg ak sa ki gen pwoblèm vizyèl. Lighthouse ki sèvi plis pase 2,590 moun chak ane, e ki akredite pa National Accreditation Council for Blind and Low Vision Services, se yon ajans ki se patnè United Way, ak yon manm nan Florida Association of Agencies Serving the Blind, VisionServe Alliance, avèk Nonprofit Executive Alliance of Broward.

## MISYON

Misyon yo se bay lidèchip, sèvis, defans pou moun, ak resous ki nesesè pou amelyore lavi moun ki avèg e ki gen pwoblèm vizyèl nan Konte Broward, epi ba yo pouvwa pou yo viv endependan, an sante, jwen travay ak lavi miyò.

## STATISTIK

Konte Broward, ki gen apeprè 150,000 moun ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon, se konte ki gen plis moun ak pwoblèm vizyèl nan peyi Etazini.

## SÈVIS

Men sèvis yo ofri nan biwo a, a domisil, avèk / oswa lòt kote nan kominate a:

**Bright Beginnings** se yon pwogram devlopman ak sipò ki dire tout ane a pou timoun ak paran yo depi lè yo fèt jiska 5 an

**David and Jean Colker KIDS Program** ofri on kan dete ak aktivite 2 wiken chak mwa ak jou lekòl fèmen pandan ane skolè a pou timoun 6 a 13 zan

**Low Vision Clinic** ede kliyan avèk publik la en jeneral ki pa finn wè byen. Yo kolabore avèk Nova Southeastern School of Optometry nan lokal biwo a. Yo fè suivi a domisil pou montre w kijan pou sèvi ak rès vizyon ki rete w la, epi tou kijan pou w sèvi ak aparèy ki pou ede w wè pi byen. Yo gen dwa voye bòdwo bay konpayi asirans ou pou sèvis sa a.

**TeenLIFE** se yon pwogram pou jèn adilt ki gen laj 14 a 21 nan. Li konsantre sou eksplorasyon karyè, preparasyon pou travay, eksperyans travay, aprann teknik pou ede w vin endependan, ak preparasyon pou inivèsite.

**Vital Living** ede w aprann teknik ki ka ede w viv endependan, mache sandanje, sèvi ak òdinatè, intènèt, telefòn intelijan ak adaptasyon pou gwo teknoloji pòtab nan aparèy pou pran nòt, an plis de konsèy individyèl ak an gwoup. Pwogram Vital Living se yon pwogram ki fèt pou granmoun.

**Ready to Work** Bay kou pou apran idantife talan ak objektif, ekri kourikoulòm, ranpli aplikasyon pou travay, teknik pou al nan intèvyou, konstwi abitid travay konpetitif, aprann kijan pou konpote tèt ou nan travay, ak apran rezoud pwoblèm pou simonte obstak leu wap chèche travay.

\*Voye referans paysan sou sit entenèt nou an: [www.LHOB.org/referrals](http://www.LHOB.org/referrals)